ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЫДОКІ

№105 (21.013) ● 2007 гъэм накъыгъэм (майм) и 29, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Ди зэпыщІэныгъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Москва областымрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэхэр

РайонитІым я зэпыщІэныгъэхэр зэтрагъэувэну зэгурыІуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен Москва областым и Руэз районым къикІа хьэщІэхэм накъыгъэм и 24-м щахуэзам. Ахэр ди деж къэкІуащ КъБР-мрэ Москва областымрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм Іэ щыщІадзыцум ящ къихуэу. Зэдэлэжьэныгъэм щыІэ Іэмалхэм теухуа зэІущІэм республикэм и министрэмрэ муниципальныгъэмрэ щІыналъхэм я Іэтащхьэхэмрэ хэту, КъБР-м и Правительствэм и Унэм щыпащащ къыкІэлыкІуэ махуэм.

МОСКВА областым и Руэз районым и Іэтащхьэ Якунин Олегрэ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат, «ІэщэкІэ зэкъуэшхэр» Урысейпсо ветеран зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм и ящ къуэдзэ Саблин Дмитрийрэ зи пашъ делегацэр щылащ къэрал гъунапкъэм и урысей-куржы Іыхьэм хуэзэу тет гъунапкъэхъуэм заставзэхэм икІи езыхэм я районым щыщу абыхэм къулыкъу щызыщІэ щІалэхэм я Іуэху зыІутым щыгъуазэ защІащ. Абы щыгъуэ хьэщІэхэмрэ УФ-м ЩынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъуэм и Гъунапкъэхъуэм управленэм и ІэнатІэу КъБР-м щыІэмрэ я упчІэхэм Іэ щІадзащ дяпэкІэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм.

ХьэщІэхэмрэ бысымхэмрэ щызэригъэщІыхуэм, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Ярин Андрей къыхигъэщащ, Москва областымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ езыхэм я щІыналъэхэм зегъэужьыныжьмкІэ къапэщыт къалэнхэр куэдкІэ зэпхьэу зэрыщытым кьыхэкІыу, лъэныкъуитІым я зэдэлэжьэныгъэм, гъунапкъэхъуэмэм ядэІэпыкъуным кьыщащмыгъэувыІэу, адэкІи зэратгъэбгъэнуу мурад зэращІар. «Абы кьыдэкІуэу, - кьыхигъэщхьэхуэкІащ премьерыр, - Руэз районыр Москва областми къалэми щыщу нэхъ псынщІэу зызыужьхэм хабжэ икІи абы и лъэныкъуэкІэ ди республикэм и дежкІэ икъукІэ гъэщІэгъэнщ инвестицэхэр кьызэщІэгъэуІуэныжьмкІэ ди хьэщІэхэм я зэфІэкІыр».

Якунин Олег зэрыжиІамкІэ, районым и валовэ продуктым и процентыр 6-р мэкъумэш хозяйствэм, процент 40-р Іуэхугъэхьэ зэмылІэужьыгъуэхэр зылэжь Іэнатіэхэм, процент 50-р промышленностым кьыІэрагъэпэщ. Мыбы псынщІэу зыщащэ технологие лъагэхэм. Масигбгъум кьриубыдэу районым щаухуащ унагъуэхэм кьащІагъэсэбэп LG техникэр кьащІэзыгъэкІ завод. Гектар 40-м тращІыхьа предприятэ 19-м LG дамыгъэр зиІэ техникэ имыгъэхьэзыр щыІэкъым. Нэгъабэ и закъуэ районым и экономикэм и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьыщагъэсэбэпа инвестицэхэр доллар меларди 4-м щІегъу. Иужьрей илъэситІым кьриубыдэу районым и бюджетыр хуэдизкІэ нэхъыбэ хьуащ, ику ину мыбы щат лэжьапщІэр сом 18700-м нэсащ.

Руэз и мыльку нэхъыщхьэхэм ящыщу рекреацэ комплексыр. Абы Москва пэгъунэгъу Швейцариекі ядежэри щыІэщ. Псом хуэмыдэу мыбы куэду щыІэщ сабийхэм я узынщагъэр щрагъэфІакІуэ гъэмахуэ лагерхэр. Абыхэм зыщагъэпсэхуэн папщІэ районым и Іэтащхьэм КъБР-м щыщ школакІуэхэр яшэну иригъэлэгъащ. Апхуэдэу ар тепсэльыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэмрэ Іуащхьэмахуэ лъапэрэ кьызэрыщыхьуам. «УщымыгуфІыкІыпІэр иІэкъым фи щІыхуэхэм яхэль гуапагъэм, япэхэми хуэдэу, ахэр хьэщІэкІэ зэрыфІым,- кьыхигъэщащ Якунин Олег. - Дэ фІэкІыпІэ имыІэу фи деж щІэзэпсэхуэкІуэ кьутэщэщ кадет классхэм щІэс сабийхэр. Іуащхьэмахуэ лъапэ и дахагъым, Налшык и къэбэгъым удахьэх. Псом хуэмыдэу кьыхэсэщыпхъэщ фи кьалащхьэр зэІуэпэщ щІыным, абы щхьэнтІагъэхэр щыхьэсэным теухуауэ екІуэкІ лэжьыгъэхэр зэрыпинр. Ар егъэлеяу тельыдж щыхъащ гъунапкъэхъуэмэм я пащхьэ концерт щитым папщІэ дэтщІыгъуу къэкІуа Малежек Вячеслав. Абы зэрыжиІамкІэ, Налшык хэщІыкІыу ящ къыхьэщ Москва, уеблэмэ Руэз и кьалэхэм нэхьрэ».

Саблин Дмитрий кьыщыпсалъэм кьыхигъэщащ республикэр мы зэманым мамыру, зэпІэзэрыту зэрыпсэуэм зэрыщыгуфІыкІар. «Совет зэманым зэрекІуэкІам хуэдэу, сабийр щІэбгъэкІамэ, дей кьызэрытемыхьэнур, дэтхэнэ балигъри кьызэрыщхьэщыжьынур пщІэуэ щытым хуейщ. Зэнибжьэгъуэгъэ зэпыщІэныгъэхэр зэтегъэувэжьыпхъэщ», - жиІащ адэ.

ХьэщІэм кьызэрыхигъэщхьэхуКІамкІэ, ди республикэр Урысейм и субъектхэм ящыщу нэхъ льагэ дыдэщ икІи нэхъ куу дыдэщ, нэгъуэщІу жьпІэмэ, абы Іуащхьэмахуэрэ Гуэл щхьэантІэхэмрэ щыІэщ. Кьытригъэзэжуэ абы игъэщІэгъуащ Іуащхьэмахуэ лъапэ щылтэгъуар: «Уи фІэщ пщІыну гугъуп накъыгъэм и кІэм мыбы лыжкІэ кьыщыбжьыхь зэрыхьэр. Мы щыпІэр, Кавказ Ищхьэрэм и мызакъуэу, Урысей псор зыгъэдахэ налъкъутналмэсщ».

Саблин Дмитрий зэІущІэм кьрихьэлІахэр щыгъуазэ ищІащ нэхь япэкІэ районыр гъунапкъэхъуэмэм сом меluани 3-кІэ зэрадэІэпыкъуам, лъэныкъуитІым Іэ зыщІадза зэгурыІуэныгъэм кьызэрыщыгъэльэгъуам хуэдэу, УФ-м ЩынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъуэм и Гъунапкъэхъуэмэ управленэм и Іэхущ Іапіэу КъБР-м щыІэм и унэр реконструкцэ щыкІэ Руэз районым и ахъщэ зэрыщыхідтьхьэнум.

Хьэщ Іэхэм фІыщІэ ящІащ езыхэр гуапэу зэрырагъэблэгъар, апхуэдэу гъунапкъэхъуэмэм я кьалэн мытыщхэр тэмэму ирахьэкІыж, загъэпсэхуэн папщІэ заставэхэм Іэмал псори кьызэрыщыізэрагъэпэщар икІи республикэм и лЫкІуэхэр Руэз щыхьэщІэну ирагъэблэгъащ.

ЗэІущІэм и кІэуэхям Ярин Андрей хьэщІэхэм гъуапІэм кьыхэІуэкІа сурэт тыгъэ язуиІащ. Правительствэм и Унафэщ Іам министрхэм, Іуащхьэмахуэ районым и администрацэм и Іэтащхьэм пщэрыльэ ящиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іуащхьэмахуэ районымрэ Москва областым и Руэз районымрэ зэдэлэжьэныгъэ зэгурыІуэныгъэхэр ягъэхъэзырыну.

ХЬЭПЭ Мариfar,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм и лэжьакІуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм ящІэн щхьэкІэ

Мы гъэм накъыгъэм и 31-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щекІуэкІынущ республикэм и законхэр кьыдэзыгъэкІ и органым и зи чэзу зэІущІэ. ЗэІущІэм щІэзыгъэщІ сыхьэтыр 10-м.

КъБР-м и Парламентым и Президиум.

МэкъумэшыщІэхэр арэзыщ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм Мэкъумэшымкіэ и министерствэм и зэІущІэ зыубгъуэ Куэшхьэблэ районым щІыгъуэ щекІуэкІащ. Абы щыпсэльыхьащ къэпхасэр къэзерехьулІам, иджырей технологиещІэхэр кьызэрагъэсэбэп щыкІэм, нэгъуэщІхэми.***

ЩІНАЛЪЭМ и мэкъумэшыщІэхэр Куэшхьэблэ районым щыщІыдзэхуэм и Іуэхущ Іапіэхэм я лэжьыгъэр, абыхэм кьагъэсэбэп Іэмалхэр республикэм щынэхъыфІу кьызэрагъэпытарщ. Псалъэм папщІэ, мэкъумэшыщІэхэм я Іуэхущ Іапіэхэм я лэжьыгъэр, абыхэм жыдэжу ядолажьэ жылагъуэхэм я administрацэхэм я унафэщІхэм я кІуэдзэкІэр. Апхуэдэуи кредит Іуэхур районым хьарзынэу щызэтегъэуваш. Ауэ псом нэхъыщхьэращи, Куэшхьэблэ куейм щІыуэ иІэм телэжьыхьыр езым и щІыхуэкІэ. Хамэ мэкъумэшыщІэхэр, бэдзэнэдырылажьэхэр районым щыІэкъым.

Ар зэІущІэм кьыщыхигъащащ республикэм мэкъумэшымкІэ и министр Петров Юрий.

Іулъхьэм зэригъакІуэркъым

АБХЪАЗ. ***Республикэм и Президент Бэгъэлэш Сергей Сыхьум къалэ администрацэм и лэжьакІуэхэм идыблагъэ щаІущІам зэкІуащІам районыр, къалэ администрацэхэр, къэрал къулыкъущІапІэхэр, Абхъазым и президент администрацэри хэтыкъу, тІкІиІуэ зэрыщІапщытыкІынур, абыхэм я финанс Іуэхуэхэр зэрызэрагъэкІуэ щыкІэр кьахутэн щыкІэ.***

«ДИ ЖАГЪУЭ зэрыхъущи, тхьэусыхэхэр нэхъыбэ хуэхуэ. Ахэр арэзыкьым къэрал кьулыкъущІэхэм я лэжьыгъэмкІэ, сыту жыпІэмэ, дэтхэнэ зы справкэми ахьшэ щІатын хуей мэхъу. Щыхухэр Іулъхьэм зэригъакІуэркъым. Іуэхум хэкІыпІэ гуэр кьыхуэгъуэтын хуейщ. Лэжьэну хуей щыІэ пэжэр дэ сыт щыгъуи кьытхуэгъуэтынущ», - кьыхигъэщащ Бэгъэлэш Сергей.

«ИА Регнумым» иджыблагъэ кьызэритамкІэ, мы махуэхэм Очамчыр район администрацэр щІапщытыкІынур, абыхэм я

ЛЪОСТЭН Музэ.

ЩІНАЛЪЭМ И МЭКЪУМЭШЫЩІЭХЭР АРЭЗЫЩ

●Къэрал къулыкъущІапІэхэм

ЩІНЫ Іуэхур зэпэ ирагъэщ

Ди газетым зэрытетащи, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен накъыгъэм и 24-м республикэм и Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІащ муниципальнэ зэпхьэкІэ къалэ округхэмрэ я Іэтащхьэхэм я зэІущІэ.

ПСАЛЪЭМАКЪ нэхъыбэ зращІкІар гъавэ щІапІэхэр бэдзэнду зэрат щыкІэр хабзэ хэхам тету зэкІэлъыгъэкІуэныгъ.

КъБР-м къэрал мылъкур зехьэныкъэ щІыуэпсымкІэ и министр **Сэхъу Мухьэмэд** кьызэригъэлъэгъуамкІэ, щІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкІэ мы зэманым щыІэ Іэмал нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм бэдзэнд зэхущытыкІэхэр тэмэму щызэтеуІэным.

Щ Іуэпсыр фейдэ пІыльу кьагъэсэбэпын икІи республикэм и нормативправовой лъабжьэр Федерал законодательствэм ирагъэзэгъын мурадкІэ, 2006 гъэм мазаем и 11-м КъБР-м и Правительствэм кьыдигъэкІащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал, муниципальнэ мылъкуу щыт щы Іыхьэхэр бэдзэнду тыным и Іуэхукіэ» унафэ. Зэпсалъэныгъэхэм (аукціонхэм, зэпэуэсхэм) я хабзэхэм тету абы кьызэрегъэпэщ щы Іыхьэхэр бэдзэнду зэрат щыкІэр.

«Мыбдежым къэрал, муниципальнэ мылъкуу щыт щы Іыхьэхэм хуэзэ бэдзэнджпщІэм и пэщІадзэ уасэр зыгъэпэщ зыми и унафэм щІэмыт Іэщ Іагъэпіэхэр. ЩІы Іыхьэр бэдзэнду зэрат щыкІэм теухуауэ щІыпІэ самоуправленэмкІэ органхэм, муниципальнэ районхэм, къалэ округхэм кьыщащта норматив-правовой ак тхэм щыщІэныгъэхэр хэлъщ. Псалъэм папщІэ, Урысей Федерацэм и нобэрей законодательствэм емыІаліэу зэпэуэнщэу щы Іыхьэхэр бэдзэнду ят, папГъакІуэр кадастрэ уасэм процент бжьгъэжІэ пагъэувырщ», - кьыхигъэщащ министрым.

Сэхъу Мухьэмэд зэрыжиІамкІэ, щІыпІэ псомэ щыапхуэдэкъым. Дзэлыкъуэ, Тэрч муниципальнэ районхэм, Бахьсэн къалэ округым щІыпІэ самоуправленэмкІэ я сессиехэм я унафэкІэ аукціонхэр кьызэрызэрагъэпэщыну, зэрырагъэкІуэкІыну щы Іыхьэхэр бэдзэнду щІыпІэхэм я пэщІэдзэ уасэхэр зыхуэдизынур зэрагъэувэ хабзэхэр.

ЩІыпІэ самоуправленэмкІэ органхэм егъэбыдыпІэ щІым щыщ Іыхьэхэм ику ит я бэдзэнд уасэр зы гектарым тещІыхьауэ соми 188-м (Шэрэдж район) кьыщыщІэдзауэ сом 552-м (Лэскэн районым) нобл агъэ.

Абы щыгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мылъкум хьыхь щы Іыхьэхэм я бэджэнд уасэр, зыми и унафэм щІэмыт Іэщ Іагъэпіэхэм зэрагъэувамкІэ, зы гектарым сом 384-м щегъэжьауэ сом 878-рэ хуоз э.

Мы зэманым министерствэм егъэхьэзыр республикэм и мылъкум щыщ щы Іыхьэхэр бэдзэнду зэратынум теухуа тхьІутьхэр. Апхуэдэу иджыпсту министерствэр йолэжь Прохладнэ, Тэрч районхэм щыІэ гъавэ щІапІэхэр, Шэджэм, Шэрэдж, куейхэм я гъэмахуэ хьупІэхэр бэдзэнду тыным и Іуэхум. «Аурсэнтх» кьэрал предприятэм и щы Іыхьэу 37-рэ бэдзэнду кьеІыізыхьну зи мурадхэм я лъэІуэхэм хоплъэ.

КъБР-м и Президентым кьигъэлъэгъуащ кьыхалъхьа Іуэхугъуэм икІащІыпІэкІэ унафэ тэмэм кьыхуэгъэутын зэрыхуейр, дяпэкІэ ар бГъэгъуэзэкІэ Іэмал гуэри зэримыІэр икІи абы и лъэныкъуэкІэ япэ игъэщІыпхъэу кьиІыытэхэм зыубгъуауэ кьытеувыІащ.

Зэхьыхэм щытепсэльыхьащ республикэм и гъуэгууэху организацэхэм я зэфІэкым лъэщу хэгъэхьуэным, ахэр лэжьыгъкІэ тэмэму кьызэгъэпэщыным теухуауэ кьэуф кьэлэн инхэмрэ абыкІэ щыІэ япэ игъэщІыпхъэу кьиІыытэхэм зыубгъуауэ кьытеувыІащ.

Зэхьыхэм щытепсэльыхьащ республикэм и гъуэгууэху организацэхэм я зэфІэкым лъэщу хэгъэхьуэным, ахэр лэжьыгъкІэ тэмэму кьызэгъэпэщыным теухуауэ кьэуф кьэлэн инхэмрэ абыкІэ щыІэ япэ игъэщІыпхъэу кьиІыытэхэм зыубгъуауэ кьытеувыІащ.

Зэхьыхэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и унафэщІ **Ярин Андрей** абы и къуэдзэ **Тхьэзэлтъыж Мурат**, министрхэр, нэгъуэщІ къулыкъущІхэр.

АРУАН Алий.

ЕхьулІэныгъэ ин

Франджым щиухащ Канн кинофестивальмрэ ЩІыгъуэр, Абы екъулІэныгъэ ин къыщиухьащ актер Лавроненко Константин. Ащ ехьулІэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къалъытащ кинорежиссер Звягинцев Андрей и фильмыр.

Канн кинофестивалым и загъэт нэхъыщхьэр зыхуагъэфэщащ румын режиссер Мунгид Кристиан и фильм "МазиплІрэ тхьэмэхуищрэ махуитІрэ" жыхуиІэращ.

Къэрал куэдым щагъэува фильмхэм щытхьэшхуэ яІащ. Иджы зэрыжаІэщи, фильмыфІхэр куэдт, ауэ сауГъэтхэр мащІэт.

Псори къащІытэ

«Юкъуэбассуотль» компанием и шахтэ пщыкІутІри къащІыгъэ. ІэнатІэ псоми щагъэуващ хьыбар зэрырагъащІэ. Телефон «линие щІтырхэр». Дэтхэнэ дэжьыкІуэми абыкІэ псалъэу хабзэхъуэмэхэм зэрагъэфынуш яІьагъу зэфІэмыкъэныгъэхэмрэ щыщІэмыкъэхэмрэ.

ІаІуэу зэрыщытщи, компанием и «Юбилейное» шахтым иджыблагъэ насыпыщІагъэ ин къыщыхъуащ. Мыбы щиукІащ шахтер 39-рэ. Апхуэдэ дяпэкІэ къэмыхъужьнращ ялэжьхэр зэтещІыхьар.

Мылъкум итхьэкъуа лЫкІуэ

Къэхьэстаным и президент Назарбаев Нурсултан аКъэралым и лЫкІуэу Австриемрэ щыІэ Алиев Рахат и къулыкъум тригъэкІащ.

Назарбаевым и малъхъэу щытар ягъэкъуаншэ финанс хьэгъэщагъэхэр зэрызыхищІыхьамкІэ, мылъку зэрыщІэзэрилъэгъамкІэ. Алиевыр иджыри Австрием щы-Іэщ. Абы зыщигъэпщкІункІэ хъунущ.

Венесуэлэм щызэрызохьэ

Венесуэлэм и щІыпІэ кудым пэкІуэгъэ щокІуэкІ къэралым и телеканал нэхъ ин икІи нэхъыжьэ льдэ ВЕСУ зэрызыхуащІыжьар ямытэу, Венесуэлэм и президент Уго Чавес ищІа унафэр икъутэжыну. Язытикъуэ щІыпІэхэм полицэм кьыщІэкІэсэбэпын хуэй хъащ псы зэраутх Іэмэпсымэхэмрэ нэпс кьыщІэзыгъэж газрэ. КІэльыплъакІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, Чавес а каналыр зэхущІыжащ зэрахуэзэгуэпам кьыхэхІыу.

Зиукіыжмэ нэхъ кьищтащ

Японием блэжьеящ ешрымкІэ, щІым елэжьынымкІэ, ерыскъыпхъэхэмкІэ и министр Мунсиеско Тэкиваду езым и кабинетым зыщиукІыжащ.

Хабзэхъуэмэхэм сэтей къащІат абы мылъкушхуэ зыкІэщІнупщІауэ.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

♦ **ООН-м мамырыгъэ зэтеІыпІэгъэ и къэрал и дунейпсо махуэщ.** ООН-м и Асамблее Нэхъыщхьэм 2002 гъэм дыгъэгъаэм и 11-м кьищІащ унафэм ипкъ итКІэ яГъэуващ.

♦ **Дзэ автомобилистым и махуэщ.**

♦ Нигерием щагъэлъапІэ демократием и махуэр. 1999 гъэм накъыгъэм и 29-м илъэс 15-кІэ унафэ зыщІа залымыгъэхэхэ властыр текІа нужь, къэралым кьыщащтащ конституцІэ.

♦ Накъыгъэм и 29-м - мэкъуаугэгъуэм и 15-хэм Женевэ (Швейцарие) щекІуэкІынущ Лэжьыгъэм и дунейпсо зэгухьэныгъэм и 90-нэ сессиер.

♦ Илъэс 220-рэ и пэкІэ кьалъхуащ урыс усакІуэ Батюшков Константин (1787 - 1855).

♦ Илъэс 90 ипэкІэ кьалъхуащ американ къэрал лэжьакІуэ, США-м и 35-нэ президент Кеннеди Джон (1917 - 1963).

♦ 1929 гъэм кьалъхуащ шэрджэс критик, литературовед, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик Бэчыжь Лейла.

♦ Накъыгъэм и 29 - 31-хэм Цюрих (Швейцарие) щекІуэкІынущ футбол зэгухьэныгъэхэм я дунейпсо федерацэм (ФИФА) и 57-нэ конгрессыр.

♦ **Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъ 29-м, кьухьэныщ сыхьэт 20-рэ дакьикъ 42-м.**

♦ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъ 14-рэ**

ПІалэпэр зыжьэхьэзыгъар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Къэрал Думэм и депутатхэм я Іуэхущ Іапіэхэм ящІэн щхьэкІэ

Шапсыгъ лъахэм тотхьІхь

Хы Іуфэм Іут Лазаревскэ (ПсыфІыпІэ) жылагъуэм илъэс 100щым щІигъуащ щолажьэ адыгэ тхьІапэм щэнхабзэмрэ я музей. Ар кьызэгъэпэщыным къаруушхуэ ирихьэлІащ Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лажьакІуэ Половникинэ Тамарэ.

АПХУЭДЭ музей кьызэдгъэпэщащ папщІэ, адыгэ лъэпкъхэм я тхьІапэ кууэ бджауэ щытым зэрыкуейр гурыІуэгъуэщ. Куэд щІащ Половникинэ Тамарэ адыгэ тхьІапэр хутэн зэрыщІидзэрэ.

Араща абы и кьалэмыпІэм кьыщІэкІа тхьІпэ хьэлэмэжхэр («Черкесия - боль моя», «Аборигены Кавказского Причерноморья», нэгъуэщІхэри) зытеухуар.

Налшык полиграфкомбинатым хэт «Эль-Фа» тедзапІэ центрым иджыблагъэ кьыщыдэкІащ Половникинэ Тамарэ и тхьІпыщІэ - «Сочинское Причерноморье». Хы Іуфэм Іуса шапсыгъ адыгэхэм, абыхэм я лъпкъэгъу убыхэхэм, абазэхэм (садзхэм, псхьуухэм, джиххэм) я тхьІдэм, я хабзэхэм кууэ щыгъуазэ ухуещІ Половникинэ Тамарэ и тхьІпыщІэм, Урыс-Кавказ зауэм и ужькІэ абыхэм ябгынэн хуей хьуа лъахэм я нобэ ит кьалэхэм, жылагъуэхэм - Адлер кьыщыщІэдзауэ Анапэ нэс - я кьыбарэри еІуатэ.

Хы ФІыщІэм и Іуфэм нобэ Іусыжьыр шапсыгъ кьуажэ 14-щ - абыхэм я псэукІэращ зи гугъу тщІы тхьІпыр зытхам и нэІэ нэхъ зытетыр.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

●Тхьылъыщ Іэ



Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

2007 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну газетхэм Іэ тедзэныр республикэм и пощт Іуэхущ Іапіэхэм мэлыжьыхьым и 1-м щыщІэдзауэ зэрыщекІуэкІыр фигу къыдогъэкІыж.

Апхуэдэу гу лъыІэдгъэтэну дыхуейщ газетым и Іэ тедзапщІэр нэхъ пуд зэрыхъуам. Ямэ илъэс ныкъуэм сом 338-рэ кІэнІейкІэ 40-рэ хуэзэу щытамэ, 2007 гъэм и етІуанэ Іыхьэм зи уасэр сом 317-рэ кІэнІейкІэ 76-рэщ.

Ди индексыр 51531

Зэвгъэ Іыху: Олимп Джэгухэм щытекІуа Васюковэ Ольгэ

НОБЭ ФЭДГЪЭЦІЫХУ пщащэ лъагъуэгъуафІэ Васюковэ Ольгэ Петр и пхъур синхронэ псы есыкІэмкІэ дуней псом щынэхъ лъэщ спортсменхэм хабжэ. Абы и схъуІэныгъэхэм дытегъэсэлъыхьмэ, ахэр мыпхуэдэщ: 1997 гъэм ныбжьыщІэхэм я дунейпсо зэхьэзэхуэм и чемпионкэ хьуащ, 1998 гъэм балигъэм я деж Европэ кубокыр, кьыкІэлъыкІуэ илъэсым Дунейпсо кубокыр кьихьащ, 1999 - 2000 гъэхэм Дунейпсо, Европэ чемпионатхэм щытекІуащ. 2000 гъэм Сидней щекІуэкІа Олимп Джэгухэм я дыщэ медалыр кьыщицащ.

Ольгэ и адэ Петр Налшык кьыщалъхуащ, еханэ курыт еджанІэр 1969 гъэм кьыщцухащ. Ешы пщащэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и сабинГъуэр щигъэкІуащ. ИужькІэ и адэ-анэр Москва Іэпхъуэжащ.

Васюковэ Ольгэ Урысей Федерацэм СпортымкІэ щІыхь зиІэ и мастерщ. 2000 гъэм «ЩІыхь» орденыр кьыхуагъэфэщащ. Ар иджыпсту «Спорт» телеканалым и комментаторщ. Тхьідэм, тхьІтхэм, макъамэм дахьэ.

БЭТОКЪУЭ Албэч.

"Адыгэ псалъэр" ныфхуахьыну фыкуейм

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

2007 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну газетхэм Іэ тедзэныр республикэм и пощт Іуэхущ Іапіэхэм мэлыжьыхьым и 1-м щыщІэдзауэ зэрыщекІуэкІыр фигу къыдогъэкІыж.

Апхуэдэу гу лъыІэдгъэтэну дыхуейщ газетым и Іэ тедзапщІэр нэхъ пуд зэрыхъуам. Ямэ илъэс ныкъуэм сом 338-рэ кІэнІейкІэ 40-рэ хуэзэу щытамэ, 2007 гъэм и етІуанэ Іыхьэм зи уасэр сом 317-рэ кІэнІейкІэ 76-рэщ.

Ди индексыр 51531

●КъБР-м и Правительствэм

Хабзэхэм хэплIыэ

Накъыгъэм и 24-м КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Ярин Андрей ириубжIыжIащI Iуэхугъэуз 18 щыIэныгъэраха зэIущIэ.

Я ПЭ щIыкIэ хэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэрал заказэр щыIэныгъэм хъэпшIыпхэр (дэжьыгъэхэр, Iуэхугъэбзэзхэр) зэуIуу ятегущIыкIэ щыIэ Зыуэ щыт комиссэм и лэжьыгъэр зыхуэдэм.

Абы теухуауэ къэпсэлъащ комиссэм и унафащI **Сапог Алий.** Щыху 13 зыхэт гупым и къалэн нэхъыщхьэр зэхуэсахэм ягу къинтэкIыжри, ар къытеувыIащ Федерал законым тету заказэр зэуIуу ятегущIэнэр къызэгъэпэщащ зэрыхъум. Сапог Алий зэрыжиIамкIэ, зэпеуэхэм хыхъэным теухуа япэ лъэIуэхэр къащIыIэрыхьэр мы гъэм и мазае мазэрщ. Нобэ ирихьалIэу ирагъэкIуэкIащ пункт 650-рэ хъу материалхэм щыхьэпIа зэпеуэу 69-рэ.

Я Iуэхур къэзылъахъэ лъэпощхьэпохэм и гугъу ищIа ныужь, къэпсэлъам къыхигъащIащ зэпеуэ 61-м къарикIуэм ипкъ иткIэ, ящIа закаазхэмрэ зэращIыIа загурыIуэзыгъэхэмрэ зэхъуэм и лейуэ сом мелуан 58-м щIигъу къыхуаIэхьар, ар бюджетым дежкIэ хэлъхьэныгъэфIу зэрыщIытыр.

Нобэ нэхъыфIу къагъэсбэп хъуащ заказэр зэрагъэащIэ технологиехэр, тхылъ зыхэтхэм зэрелажь, ахэр зэрагъэхъэзыр, къыхэрытрадзэ, заявкэхэр къыхэзрыхах Iэмалхэр. Заказхэм я нэхъыбэр къызыгъэдэкIыр министерствохэмрэ ведомствохэмрэщI. Ийжьы ахэр нэхъ жэуаплыныгъэ хэлъу комиссэм долажь.

Комиссэм и Iуэхущ1агъэм нэхъри зиубгъун, къит фейдэм, къихъы сабэпынагъыж хигъэхъуэн папщIэ зэфIэкIыпIэхэр ягъэбелджыла нэужь, зытепсэлъыхьам теухуа унафэ къащтащ.

ЗэIущIэм щедзIуащ 2006 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэ бюджетыр тхъэзэщIа зэрыхъуэр теухуауэ финансэхэмкIэ министр **Бышэн Азрэт**жIаи-хэм.

Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, хэущIэкмкIэ къапэщытар зыщыгугъам процент 89-кIэ зэрагъэхъулIащ икIи сом меларди 9,6-м нэсащ. ХэхъуэхэмкIэ зыхуагъэзывыжар процент 97-кIэ ягъэзэщIащ. Ар сом меларди 10-мюбалитэ. Зэрыщыту къапщтэмэ, хэхъуэхэмкIэ зрагъэхъулIар 2005 гъэм елъытауэ процентри 139-рэ мэхъу, езым и хэхъуэхэр хуэди 2,3-кIэ нэхъыбэщ.

«Дыгъэхуам щыщу сом мелуан 260-рэ республикэ бюджетым къыIэрымыхьэу къэнащ. Ахэр нэхъыбэу зэхъэлIар акцизхэрщ, мылъкым техьэ налогыщ, уней мылъкур къэзыгъэсаблэхэм хуэзэхэрщ. Федерал бюджетым къыхэкIыу къытхуауэтIыпщIын хуеяр дэIэпыкъуныгъэр процентри 100-кIэ къызэрэпэща хъуащ.

Къэрэлъэгъуэн хуейщ хэхъуэхэр къызэрыхах щIыкIэм зэхъуэхIыныгъэфIэхэр зэригъэуэтыр, - къигъэлъэгъуащ министрым.

Бышэн Азрэт и доклады зэхуэсахэр арэзи тезыхэр, абы теуха законым и проектыр Iэ IэткIэ къащтащ. Ар щыIэ хабзэм тету республикэм и Парламентым ягъэхьынущ.

ЗэIущIэм щыхьэпIащ мы гъэм КъБР-м и Президентым республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам щыубзыхуахэр гъэзэщIэныр Правительствэм къызэрызэригъэпэщыну щыкIэм, «КъБР-м и къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я социально-экономикэ зыужьныгъэхэр зыхуэдэр къызэралъытэ хабзэм и IуэхукIэ» 2006 гъэм гъатхэпэм и 23-м республикэм и Правительствэм къыдигъэкIауэ щыта унафэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэныр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал мылъкум и объектхэр муниципальнэ мылъкум етыным, республикэм сатумкIэ и хэущIапIэ къалэнхэр зыгъэзащIэу Урысейм и щIыналъэхэм щыIэ къэрал унитар предприятэхэр зэхъуэщIыжыным, КъБР-м и Правительствэм деж балигъ мыхъуахэмэ абыхэм я хуитныгъэхэр хъумэныжмкIэ щыIэ ведомствохэм я зэдай комиссэм хэтхэр зыхуэдизыным, «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проект пэрытым ипкъ иткIэ етыдэжькIуэ нэхъыбIэхэм ахъшэкIэ зэрахуэгъэпэнym, нэгъуэщI-хэми теухуа Iуэхугъуэхэм.

Зэпкъраха нэужь, унафэхэм я проектхэр къащтащ.

Зэхэхьэм Хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къудэж **Тхъэзэщтлыж Murat**, министрхэр, къалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, ирагъэблэгъа къулыкъущIэхэр.

АРУАН Алий.

●Зэ1ущ1эхэр

Школыр къэзыухахэм я пшыхьым щхьэкIэ Булунгу ахъшэ шыэхуахьэсыр къым

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм тхылъ зы мним щIигъу зэхуахьэсащ Булунгу къуажэм и щколакIуэхэм папщIэ. Щэджэм районым кIуа парламентархэм ахъащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэлэн Федченкэ Людмилэ, Парламентым и комитетхэм я унафэщIхэу Бленов Борисэ Жанатаев Салимрэ, Парламентым и депутат Макитов Тащи, Парламентым и Аппаратым и унафэщI ТекIушэ Арур.

ПАРЛАМЕНТым и депутатхэм къыуIащIащ Щэджэм Ипщэ муниципальнэ щIынальэм (абы хохьэ Булунгу, Эльтюбю къуажэхэр) и Iэтащхьэ Кулиев Ибрэхьим. Абы депутатхэм кьажриIащ езыр зи унафэщI муниципальнэ щIынальэм и Iэ,зэхъэкIыр: а щIынальэм щыIу 1034-рэ щопсэу: дохутыр амбулаторэу 2, Щэнхабзэмкlэ унэу 2, библиотекэу 2, курыт школ, сабий сад щыIэщ. Лэжьэфыщ цыхуэхэм я бжыгъэр 599-рэ, пенсионерхэр - 278-рэ мэхъу. ЩIыпIэ хозяйствэм щыIу 30-40, гъуэгу Iэнатlэм - 12, погранзаставэм - 25 щолажьэ, бюджет Iэнатlэм щыIэу 100-м щIигъу Iутщ. Апхуэдизу щытми, лэжьапIэнщагъэм и Iуэхур нобэми ткIийуэ кьоно: щIыху 599-м щыщу лэжьапIэ Iэнатlэ Iутыр 199-рэщ.

Булунгу кьуажэм дзт амбулаторэм и дохутыр нэхъыщхьэ **Макитов Тlэхьир** хьэщIэхэм яригъэщIыхуаг и дэжьакIуэхэр. Медицинэ лэжьакIуэ 13-м яхэтщ терапевт, стоматолог, гинеколог, медсестрахэр. Докутыр нэхъыщхьэм иригушхуэу жиIащ лъэпкъ проект пажэм и фIыгъэкIэ амбулаторэм и лэжьакIуэхэм иджыри Iэщ1агъэлIу щы къаэзрыхэхъунр.

Курыт школым депутатхэм кьащыпэплъэр егъэджакIуэ хэмрэ еджакIуэхэр. Абыхэм кьапежьащ школым и директор **Кулиевэ Натиф**. Депутатхэм кьыдэхуапIыхьащ класс пэшхэр, кабинетхэр, школым хэт сабий садыр; школакIуэхэм я мызакъуэу, къуажэдэсщIалэгъуалэмрэ спортым щыщIыхуагъасэ спортзал иныр; ахэр щIэдзIуащ жьы хъуа компьютер Iэмэпсымэр зэхъуэкIын и пъэнькъуэкIэ щIэгъэкъуэн кьахуэхъуну информатикэмкIэ езыгъаджэ **Татчаевэ Марзият** и лъэIум; депутатхэм кьащIащ езыхэм я лэжьыгъу Макитов Тащи,ирагъэблагъэ и Iэтащхьэ Кулиев Ибрэхьимрэ школым щыIэ зыIуэ гуэрыхьхэмкIэ егъэджакIуэхэм сыт щыгъуи зэрызыщIагъакIуэр. Парламентархэм я гуапэ хъуащ школым и еджакIуэхэр ягъэ классым щыщIэдзауэ епщыкIуэнэгъэ классым нэсыху махуэм щхьэкIэ зэрагъэшIхэр, мыдрейгъу школыр къэзыухъуэм я пшыхьыр къызэгъэпэщын икIи егъэзыкIын щхьэкIэ а Iуэхум пыщIа псори Кулиев Ибрэхьим езым и пщэм зэрыдгъэпытхьэжьыр, абы щхьэкIэ ахъшэ ад1анэхэм зэхуахьэсын хуей зэрымыкIуэр.

Къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ Федченкэ Людмилэ. Ар ныбжьыщIэхэм ехъуэхуащ еджэгъуэ илъэсыр зэрызэфIагъэкIамкIэ, школыр къэзыухъэхэм экзаменхэр екъулIэныгъэкIэ ятыну.

Школыр къэзыухъ **Мизиев Магомедрэ** Щыхубзхэм я советым и унафэщI **Бепинеевэ Светланэрэ** депутатхэм фIыщIэ хуащIащ хъэщIэу къаэзрыхуэкIуам, тхылъ куэд тыгъэ къызэрыхуащIам папщIэ.

Депутатхэм, зэрыщыту Парламентым ину фIыщIэ яхуищIащ Кулиев Ибрэхьим, республикэм и щыху псомкIэ зэIуэпэщынныгъэ яIэнным хуэзэнтIауэ законхэр къыдэзыгъэкIэм лэжьыгъэфI зэрыгъагъэкIуэкIыр кьыхигъэбелджылыкIыу.

●КъБР-м и Парламентым и комитетхэм

Сабийхэм я ныкъуэдыкъуагъэм теукIытыхьу ара?..

ЛъэныкъуэкIэ Лъэныкъуэмрэ Iэмэпсымэ щыIэныгъэм и Унафэщым и Iэтащхьэ Тлотлокъуэ Аслан, Парламентархэр епIащIу узыфэ зэмылIужьыныгъэхэр я зэрызэхэгъэкI, зэрагъэхъуэ иджырей аппаратурэмкIэ кьыдзэгъэпэща кабинетхэм, лабораторэм, лазер Iэмэпсымэхэм, псы хущхьуэ зэрагъахьэу зыгъэпсыкIпIэм, нэгъуэщIхэм. Центрым иIэщ щыкIуэхэм я узынщагъэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ кьагъэсбэп спорт зал, тренажерхэр зыщIэт пэш.

ЗэIущIэр кьыщыдзэуихым комитетым и унафэщI Жанатев Салим жиIащ «Лъэгъуэпыкъу» санаторэм щыIэзэхъэсынымкIэ жэрдэмыр Лъжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ министерствэм кьызэрыхихьар. ЗэIущIэм кьрагъэблагъащ «Ныкъуэдыкъуэзэм ГъэсIыкIэм ФIыкIерацэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ зэрыщрытыр и Iэхуэкlэ» Федеральнэ законыр КъБР-м и щIынальэм щыгъэзэщIэныр нэхъ зэпыта унафэщIэхэр: лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ министр Тюбеев Альберт, УФ-м Социальнэ страховани1кIэ и фондым и Щ1ыналъэ Iуэхущ1апIэу КъБР-м щыщым и унафэщI Отаровэ Роэз, Медицинэ-социальнэ экспертизэмкIэ федеральнэ кьулыкъум и бюром и унафэщI Малкаров Олег, Щ1ыхуэхэр лэжьапIэкIэ кьызэгъэпэщынымкIэ министр Тлотлокъуэ Аслан и кьэдэхэ Гугъуэт ФатIимэ.

Ныкъуэдыкъуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм я бжыгъэр мин 52-м щIегъу. Зи узынщагъэр зэкIэлъыкIуэ щыкIуэ мин 30-м щIигъу гъэ кьэс медицинэ комиссэхэм ёокIуалIэ. Абыхэм ящыщу щIыху минихым ныкъуэдыкъуагъэ яIэу кьыщIокI. Ныкъуэдыкъуэхэм я процент 55-м щIигъу лэжьэгъэ ныбжьым итщ.

Иужь зэманым efIэкIуащ диспансеризацэ зэрыригъэкIуэкI щIыкIэр. Абы папщIэ езы Iэщ1агъэлIхэр щIэх-щIэхыуэ районхэм макIуэ. ЗэIущIэм зэрыщIыжаIамкIэ, медицинэ-социальнэ экспертизэмкIэ бюром и лэжьэкIэр щапхъэ зытехыпхъэщ. Ауэ а Iуэхущ1апIэм и унафэщI Малкаров Олег кьыхигъэщащ ныкъусанигъэ пIыхыкIаэхэр зэрыщIэIэр.

Зыхэт гупкIэ тещIыхьауэ, ныкъуэдыкъуэхэм псэупIэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэмкIэ льготэхэр хуагъэув. Абыхэм хущхьэхэр, санаторэ путевкэхэр хухах, протез-ортопед хьэпшIыпхэмкIэ кьызэригъэпэщ. Ныкъуэдыкъуэхэм пщIэншэу кьакIухь кьалэ щIыбым кIуэ гуущI гъэзэгу транспортымкIэ. Абыхэм хуитныныгъэ яIэщ зыщагъэхъуэжыну щIыпIэм нэс пщIэншэу кIуэну икIи кьэдэхэжыну. Уголюмо чеиз органхэр ильэс кьэс е мазэ кьэс ныкъуэдыкъуэхэм ахъшэкIэ ядоIепыкъу.

Тюбеев Альберт зэрыжиIамкIэ, псэупIэкIэ хуэмыщIауэ, сабийми балигъыми, федеральнэ реестрым и щIынальэ Iыхьэм ныкъуэдыкъуэу 1054-рэ иратхащ. Гъэ кIу ам ныкъуэдыкъуэу тIум псэупIэ х у хахащ, мы гъэм абыхэм ящыщу 33-м унэ кьащэхуи е ящым папщIэ субсидиехэр ираташ.

2006 гъэм, КъБР-м и къэралыгъэр ильэс 85-рэ зэрырикIур щагъэльапIэм ирихьэлIэу, Узышащагъэр хьумэныр-рэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ федеральнэ агентствэм «Ока» автомобилхэр пщIэншэу кьариташ ныкъуэдыкъуэхэм ящыщу 25-м. Ауэ кьэтхъэльэтхъапхъэ транспорт кьратын папщIэ 2005 гъэм щIыщIыпIэм и 1-м япэкIэ зезыгъэтхъаэ зи чэзум пэпльэхэр щIыху 858-рэ зэрыхьур.

Езыхэм яхэугъэкьаруун Iэнатlэ кьагъэутын папщIэ щIыхуэхэр лэжьапIэкIэ кьызэзыгъэтащ Iуэхущ1апIэхэм екIуалIэ ныкъуэдыкъуэхэр зэпымыууэ ныкъыбэ мэхъу. Ауэ, Гугъуэт ФатIимэ зэрыжиIамкIэ, 2006 гъэм зезыгъэтха апхуэдизщIыху 1913-м щIыщу лэжьапIэ кьызыкъуагъэтыфар 149-рщ.

Ныкъуэдыкъуэхэр зэрытыншынымэ теухуауэ ди дежщIалэжьыр зэкIэ икьукIэ мащIэщ, кьыхигъэщхьэхукIащ Отаровэ Роэз. Ар тепсэльыхьащ ныкъуэдыкъуагъэ зиIэ-хэр социальнэ страховани1кIэ кьызэрызэщIрагъэубыдэм, ахэр санаторэхэмрэ курортхэмрэ зэрыкIуэну путевкэхэмкIэ кьызэрызэрагъэпэщым. Дызэрыт илъэсым кьэриубыдэу ныкъуэдыкъуэхэм ящыщу 1869-м путевкэхэр ираташу я мурадщ.

Адэкlэ депутатхэри социальнэ Iэнатlэ зэмылIужьныгъэхэм я лыкIуэу, кьалэхэмрэ районхэмрэ кьыкIаэхэри тепсэльыхьащ ныкъуэдыкъуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзащ нэхъ зэгугъупхъэхэм. Къэпсэльаэхэм тегуэшвыныкъ кьыхагъэщащ инагъуэхэм ират социальнэ дэIэпыкъуныгъэр, транспортымкIэ зэрызекIуэн билетэхэр, санаторэ-курорт путевкэхэр, дэгуэхэм папщIэ аппаратхэр, зи лъакъуэхэр кьызыдзымыбзхэм папщIэ колясканэхэр зэрыхухах щыкIэр егъэфIэкIуэн зэрыхуэфIр, ныкъуэдыкъуэхэм папщIэ Iэнатlэхэм я квотэ хэр тэмэму зэрамыгъэувыр, нэгъуэщIхэри. Я зыныкъуэ законхэм я Iыхьэ пыухыкIаxэм арэзы кьыхэзгъэримыщIым кьыхэкIыу, ахэр зэхъуэкIыныр хуэкIуэ гъэгум. ЖызоIэ дэнэ щIыпIи нэзгъасыну, сэбэп сыхуэхъуну сызэрыкъэзырыр. Ауэ щIыхугъэнщагъэ хэпльу сыкъызэрагъэпIар ямылеиуэ гущIыхьэ сщIыхъащ, сызэгуэпащи, сигукIэ сызыхуошхьдэж: с.Сухэфащщ. Сыахьмакъ дыдэщI!.. Си ажалыр къэсауэ кьыщIэкIынущ, ауэ фэ хьэIущIадзхэми фхуэфI сыхъунщ, фызгъэбэлэрыгъынщи... »

Зэныбжьэгу дызэхэхъуэам хуэдзу, си гъуэсм сыдоуэрщэр. Си автомашинэм бензин куэд дыдэ зэриимытыр изоIуэкI. «Ятъ кIынкIым, жьыкъащ дыкIуэнукъым», - жеIэ. Гъэзгур дэгъэзеигъэу мэхъу. Хуэм дыдэурэ зыдоIэт. Нэпкъ лъащ, щыхуэпIэ дыхуэзэмэ, автомашинэр зэрезгъэльэнym согупсыс, лыигъэ зэрызесхэнym зыхуэзогъэхьэзыр. Ауэ зэкIэ хэкIыпIэ гузэри сльэгъуркъым. ЗыдоIэт, зыдоIэтри уиэ фейцеижь цыкIу зыбгъэдэт Iуащхьэбгъуэм дежь дыщынэскIэ, «къэувыIэ!» къыжаIэ.

Си гуи нэхугъэ щIыкIуинтIэ къущIопIэнкI. Автомашинэр сэтей мащIэм тызохуэз, кьызэгъэшри, и пэр егъэзыхьгъэмкIэ гъэзауэ кьызогъэувыIэ, «Мыпхуэдзу щхьэ пщIа?» - кьэзоупщI кьызбгъэрысыр. «Аккумуляторыр мыхъэнэшIэщ зэщIэхуэгъэфIэ хъунщ щхьэщIа! «Нанэ?» жиIэ унэмкIэ», - кабинэбжьэ зэIуэдзауэ, унафэ кьыскуещI. «Хъэрэшо» - жьзоIэ. СыкъокI. Куэзм исахэр дяпэ ищауэ унэмк1ыжьмкIэ макIуэ. Здэщ, метр 30 - 40 хуэдизкIэ, яужь диту дакIэпсокIуэ. СокIэхуакуэ. ЩIыIэм сиукI хуэдзу фэ зытыгъэ зогъауэ. «Зэ умыпIащIэт, - жьзоIэ. - Си кIагъэр зыщIыкъуэнщ». АвтомашинэмкIэ кьызогъэзэж. «ЗыкIи ухуейкым абы, думыгъэгъуэ», - жиIэуэ, кьысхэпсэкIуатэ кьызгъэдзэсар, кIэрахьуэр кьыскухуигъэдалъэурэ. Абы и псалъэхэр зэхэзмыхъуэ фэ зытыгъэгъуэ, псынщIэ дыдэу си кабинэм зызогъахуэ, винтгъэзэ хьэлъэр зыIэрызогъэхьэ, сцепленэм тызокъуэз, автомашинэр хуэм дыдэу йожьэ.

А напIэзыпIэм, кабинэбжьэ сфIыIуеудри, зыкъызжьэхедзэ щIалэжьым. Ауэ сщIэнym псэкIэ кьэзыр сыхуэхъуати, абы винтгъаззыщIкIэ и натIабгъым зэрысхуэзэфIкIкIэ соуэ. Бандитыр, къэпыжьым хуэдзу, щIым йощтэж. Кабинэбжьэр кьыздоIапIэж, моторыр зэщIызогъанэ, газым тызокъузэ, гъэзгу егъэзыхыгъуэм си маршинэжьыр кьыстыгъоутIыпщIыжьэ. Автомат пIэнкI, кIий-гуо мачхэр кьызэзгъэзох. Ауэ ахэр зыуи кьысщыхъужьыр-кьым, си насыпыр лIыуIкIэм заратекIуам сыщогуфыкIри.

Абы и ужькIэ «Фрест-2» полкым и командир Барбаковым шоферу сещтэ. ГъэщIагъэунщмыри. 12-м дивизэм и ужьфащIхэр къезышэкIэу щытащ: «Зыкъуэ ядыгъу зыкъом яхэтащ. Псалъэм папщIэ, 42-нэ полкым и унафэщым и шоферу щытар Зеикъуэ никIа Щомахуэ Мухьэмэдт, 29-нэ танк полкым и Iэтащхьэм дэжь пщIыгъуар Къаныкъуэ Хьэбилит, ди дивизэм и командирым и къуэдзэм и гъусар Щэджэм ЕтIуанэм зыщIэкIащ. Мы ныкъуэуз ейт (и цIэр кьысхуэщIэжыркъым).

ЗэрыжаIэмкIэ, цIыху дэтхэнэ ягъэ хущIокъу и гъащIэ гъугуанэм кьыщыхуэ зрагъэпIащ. Мы машинэр зэрезгъэльэнym согупсыс, лыигъэ зэрызесхэнym зыхуэзогъэхьэзыр. Ауэ зэкIэ хэкIыпIэ гузэри сльэгъуркъым. ЗыдоIэт, зыдоIэтри уиэ фейцеижь цыкIу зыбгъэдэт Iуащхьэбгъуэм дежь дыщынэскIэ, «къэувыIэ!» къыжаIэ.

Си гуи нэхугъэ щIыкIуинтIэ къущIопIэнкI. Автомашинэр сэтей мащIэм тызохуэз, кьызогъэшри, и пэр егъэзыхьгъэмкIэ гъэзауэ кьызогъэувыIэ, «Мыпхуэдзу щхьэ пщIа?» - кьэзоупщI кьызбгъэрысыр. «Аккумуляторыр мыхъэнэшIэщ зэщIэхуэгъэфIэ хъунщ щхьэщIа! «Нанэ?» жиIэ унэмкIэ», - кабинэбжьэ зэIуэдзауэ, унафэ кьыскуещI. «Хъэрэшо» - жьзоIэ. СыкъокI. Куэзм исахэр дяпэ ищауэ унэмк1ыжьмкIэ макIуэ. Здэщ, метр 30 - 40 хуэдизкIэ, яужь диту дакIэпсокIуэ. СокIэхуакуэ. ЩIыIэм сиукI хуэдзу фэ зытыгъэ зогъауэ. «Зэ умыпIащIэт, - жьзоIэ. - Си кIагъэр зыщIыкъуэнщ». АвтомашинэмкIэ кьызогъэзэж. «ЗыкIи ухуейкым абы, думыгъэгъуэ», - жиIэуэ, кьысхэпсэкIуатэ кьызгъэдзэсар, кIэрахьуэр кьыскухуигъэдалъэурэ. Абы и псалъэхэр зэхэзмыхъуэ фэ зытыгъэгъуэ, псынщIэ дыдэу си кабинэм зызогъахуэ, винтгъэзэ хьэлъэр зыIэрызогъэхьэ, сцепленэм тызокъуэз, автомашинэр хуэм дыдэу йожьэ.

А напIэзыпIэм, кабинэбжьэ сфIыIуеудри, зыкъызжьэхедзэ щIалэжьым. Ауэ сщIэнym псэкIэ кьэзыр сыхуэхъуати, абы винтгъаззыщIкIэ и натIабгъым зэрысхуэзэфIкIкIэ соуэ. Бандитыр, къэпыжьым хуэдзу, щIым йощтэж. Кабинэбжьэр кьыздоIапIэж, моторыр зэщIызогъанэ, газым тызокъузэ, гъэзгу егъэзыхыгъуэм си маршинэжьыр кьыстыгъоутIыпщIыжьэ. Автомат пIэнкI, кIий-гуо мачхэр кьызэзгъэзох. Ауэ ахэр зыуи кьысщыхъужьыр-кьым, си насыпыр лIыуIкIэм заратекIуам сыщогуфыкIри.

Абы и ужькIэ «Фрест-2» полкым и командир Барбаковым шоферу сещтэ. ГъэщIагъэунщмыри. 12-м дивизэм и унафэщIхэр къезышэкIэу щытащ: «Зыкъуэ ядыгъу зыкъом яхэтащ. Псалъэм папщIэ, 42-нэ полкым и унафэщым и шоферу щытар Зеикъуэ никIа Щомахуэ Мухьэмэдт, 29-нэ танк полкым и Iэтащхьэм дэжь пщIыгъуар Къаныкъуэ Хьэбилит, ди дивизэм и командирым и къуэдзэм и гъусар Щэджэм Етlуанэм зыщIэкIащ. Мы ныкъуэуз ейт (и цIэр кьысхуэщIэжыркъым).

ЗэрыжаIэмкIэ, цIыху дэтхэнэ яхуIокъу и гъащIэ гъугуанэм кьыщыхуэ зрагъэпIащ. Мы машинэр зэрезгъэльэнym согупсыс, лыигъэ зэрызесхэнym зыхуэзогъэхьэзыр. Ауэ зэкIэ хэкIыпIэ гузэри сльэгъуркъым. ЗыдоIэт, зыдоIэтри уиэ фейцеижь цыкIу зыбгъэдэт Iуащхьэбгъуэм дежь дыщынэскIэ, «къэувыIэ!» къыжаIэ.

